

Sante Dan an Deplasman Pwogram Prevansyon

Rural Health kapab deplase ale lòt kote pou bay sèvis swen dantè ak ekipman pòtab. Rele nan nimewo 757-442-4819, estansyon 1158 pou plis detay.


Kounye a pwogram swen dantè nan wout pou li ale nan Accomack County ak Northhamton County Public Schools san prezans yon sit swen dantè Rural Health ki la tout tan pandan lekòl ap fonksyone.

Nimewo Rele 24 èdtan

Pou bezwen ki pa ijan, men ki pa kapab tann jouk lè nou louvri pou rele, rele biwo dantè ou a pou w konekte ak founisè a.

Nou ofri konsèy pou ijans dantè (Pou enfeksyon oswa aksidan) lè nou fèmen.

Pou ijans, rele 911 rapid vit!



Biwo Dantis yo

Lè ou rele Eastern Shore Rural Health, tanpri peze 5 pou jwenn èd an Kreyòl pandan lè biwo.

Atlantic Community Health Center

5219 Lankford Highway • New Church, VA 23415
757-824-5676 • Fax 757-824-5872

Eastville Community Health Center

17068 Lankford Highway • Eastville, VA 23347
757-331-1086 • Fax 757-442-9505

Franktown Community Health Center

9159 Franktown Road • Franktown, VA 23354
757-442-4819 • Fax 757-442-9505

Metompkin Elementary School

24501 Parksley Road • Parksley, VA 23421
757-665-1159 • Fax 757-665-1846

Pungoteague Elementary School

28480 Bobtown Road • Melfa, VA 23410
757-789-7777 • Fax 757-789-7778

Orè fonksyonnan sèvis swen pou dan an se lendi jiska vandredi, ant 8:30 a.m. ak 5:00 p.m.

Yo resevwa moun tout laj nan sant Atlantic, Eastville ak Franktown yo. Yo resevwa timoun ki gen ant 6 mwa ak 18 an nan lekòl nou yo pandan tout ane a. Pitit ou pa gen obligasyon pou enskri nan lekòl sa yo pou li ale nan sant ki nan lekòl yo.

Biwo Santral yo

20280 Market Street • Onancock, VA 23417
757-414-0400 • Fax 757-414-0569
Louvri lendi pou vandredi
8:30 a.m. rive 5 p.m.



Gid Sèvis Swen pou Dan



**Swen eksepsyonèl.
Tout pasyan.
Tout tan.**

www.esrh.org

 Swiv nou nan Facebook
www.facebook.com/esrhs

Misyon nou se pou fè swen primè jeneral konplè fasil pou tout moun jwenn kèlkeswa mwayen yo pou peye.

Nou bay swen sante primè jeneral, pou moun tout gwoup laj, gason ak fanm, referans pou sèvis swen sante espesyalize ak edikasyon sou swen sante pou pasyan yo.

Yon anyè pwofesyonèl Eastern Shore Rural Health System, Inc., Gid pou Dwa ak Responsablitè Pasyan ak Gid Lè yon Pasyan pa Vini nan Randevou disponib sou sitwèb www.esrh.org epi enprime nan chak sant.

Pwogram dantè nou an aktyèlman la a bay sèvis konplè pou popilasyon ki gen gwo risk sa yo, tankou:

- Timoun
- Fanm ansent, pasyan ak dyabèt ki mal kontwole ak pasyan ki gen VIH, oswa k ap resevwa terapi radyasyon ak/oswa kimyoterapi pou kansè, oswa k ap prepare pou fè grèf ògan oswa ranplasman atikilasyon pwotèz.
- Pasyan ak lòt kondisyon medikal yon founisè Rural Health refere yo. Anplis ak selon posibilité espas la, pasyan dantis zòn nan ki fèk pran retrèt yo.

Anplis de sa, y ap konsidere pasyan dantis lokal ki fenk retrete yo depi gen posibilité pou sa.

Gen swen Ijans ki disponib pou tout moun k ap viv nan Kot ES Vijiin (Eastern Shore VA). N ap konsilte plis pasyan pou dan alavni tank pwogram nou an ap grandi.

Sèvis Swen pou Dan

- Netwayaj regilye dan ak jansiv.
- Egzamen ijans ak egzamen dantè konplè avèk radyografi dantè.
- Amalgam (ajan) ak plonbaj konpoze (blan) ak reparasyon dan.
- Ekstraksyon.
- Kanal rasin dan yo.
- Kouwòn ak Pon dantè.
- Fo dan ki pa konplè ak sa ki konplè.
- Materyèl pou kenbe espas dan tibebe ki fenk fèt yo.
- Oksid Nitre pou pasyan ki jèn yo ak pasyan yo ki gen laperèz. Oksid nitre a melanje ak oksijèn epi yo respire li atravè yon ti mask pou ede w detann ou.
- Dosye Sante Elektwonik.
- Sal tretman pou pasyan ki gen bezwen swen sante espesyal nan sant Eastville

Enfòmasyon sou Peman

Nou aksepte asirans Medicaid, Medicaid, HMO ak FAMIS ak pifò asirans prive pou dan. Yon rabè sou frè varyab disponib tou dapre revni ak kantite moun ki nan fanmi an.

Espesyalis enskripsyon nou yo kapab ede ou! Pou asistans, rele sant ou a epi konpoze ekstansyon. 1055 (Atlantic/Chincoteague); ekstansyon. 1034 (Eastville/Franktown); oswa ekstansyon 1056 (Onley) oswa imèl getcovered@esrh.org.

Ekspansyon Pwogram Dantè

Pwogram Dantè Accomack County Public Schools

Yon nouvo inite dantè Rural Health te louvri nan Nandua Middle School nan mwa me 2022! Sit sa a fè patenyà pwogram dantè lekòl la ak Accomack County Public Schools. Kote sa a louvri pou timoun ki gen 6 mwa jiska 18 ane pandan tout ane a.

Pwogram Dantè Northampton County Public Schools

Rural Health ap fè patenyà kounye a ak Northampton County Public Schools pou bay yon pwogram dantè pou lekòl. Yo wè elèv NCPS yo nan lekòl yo atravè Pwogram Prevansyon Sante Oral k ap Pwomennen an (Traveling Oral Health Prevention Program) pandan lekol ap fonksyone. Premye inite dantè a pwogramme pou ouvri an 2022 nan Kiptopeke Elementary School. Biwo dantè Kiptopeke a ap ouvri pandan tout ane a.



Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay opòtinité egalego pou tout moun.